

**GIHANGA, ku wa 19/7/2022**



## IHWANIRO RY'URWARUKA MURI PARUWASE « UWASAMWE ATAGICUMURO » Y'IGIHANGA



Diyoseze Gatolika ya Bubanza yaratunganije ihwaniro ry'urwaruka, rikaba ryabereye muri Paruwase « Uwasamwe ata gicumuro » y'i GIHANGA.

Iryo hwaniro rikaba ryuguruwe icese na Nyenicubahiro Umwungere wa Diyoseze ya BUBANZA Musenyeri Yohani NTAGWARARA ku wa 19/7/2022.



- Mishe 7, 14-15.18-20
- Matayo 12, 46-50

FORUM DIOCESAIN BUBANZA

Hakaba hari hategekanijwe kwakirwa urwaruka rurenga 1300 ruje ruva mu ma paruwase 17 asanzwe agize Diyoseze ya BUBANZA.



Mu Nkuka y'i Misa yo kwugurura icese iryo hwaniro, Musenyeri wa Diyoseze mu nyigisho yiwe yashimikiye ku bisomwa vyavuye mu gitabo c'umuhanuzi Mishe 7, 14-15.18-20, no mu Nkuru nziza ya Matayo 12, 46-50.



Mu Nkuru nziza yarashikirije ko Yezu atihakanye nyina ahubwo yamuteye iteka, mukwemeza ko arangura ishaka ry'Imana. Gurtyo duca twugururirwa umuryango wo kuba abavukanyi ba Yezu Kristu mu gihye twumvise

Ijambo ry'Imana tukarirangura. Ni iteka twatewe rero.

« Mawe ninde, benewacu ni bande”? Yezu yerekanye ko abavukanyi biwe ari abo bumviriza ijambo ryiwe bagatako bakarirangura. Umwungere wa Diyoseze ya Bubanza yarahamagariye abitavye iryo hwaniro kwumviriza Ijambo ry'Imana kandi bakarirangura mu gusabikanya ivy'Imana n'abo tuvukana ndetse n'abavyeyi bacu.

Ijambo twumva canke dusoma riduha ubucuti bukomeye, ritugira abakristu gusumba uko twari. Riradukura mu ngeso mbi twari turimwo, rikatugira abavukanyi ba Yezu Kristu.

Iri jambo rero niridufashe kwugurura iri hwaniro, ntidushobora kurizirikana mu nduru, turyumvirize mu gacerere, maze rishobore kutugirira akamaro mu buzima bwacu. Ni imfungurwa y'ubuzima itunyanisha n'Imana.

#### IKIGANIRO C'UMWUNGERE NA RADIO MARIA

Nyenicubahiro Umwepiskopi mu kiganiro yahaye abamenyeshamakuru ba Radiyo Mariya yaramenyeshaje intumbero y'iryo hanwaniro aho yagize ati: « Intumbero ya rino hanwaniro

rifatye ku civugo ngo “Nk'umuvyeyi Bikira Mariya, duhaguruke twihute kumenyeshya inkuru nziza” (Luka 1, 39).

Uyo muvyeyi aho yumviye ubutumwa aronse yaciye aja kuramutsa mwene wabo Elizabeti, agenda amushiriye iyo Nkuru nziza. N'uko rero, twipfuzaga ko urwo rwaruka rwacu rumaze kwakira iyo Nkuru nziza narwo rutoyigumizamwo rwoca ruja kuyimeshesha abandi».

Yarongeye ati: «Muri Diyoseze ya Bubanza si ubwa mbere habaye iri hwaniro. Ndetse haramaze no kubera amahwaniro ku rwego rw'igihugu. Ubu rero twaronse akaryo ko kwongera guhurira hano i Gihanga nk'urwaruka ngo bidukomeze mu butumwa ndetse no mu bucuti inyuma y'imisi twari tumaze twugaranywe na ca kiza ca Coronavirus.

Ayo mahwaniro ni ngirakamaro, bisumba kwirirwa ku marigara. Birakomeza kandi umuhamagarwo wo gukurikira Umukama».

Yasozereye akengurukira cane imiryango yashimye kwakira urwaruka ruje rubagana. Ivyo vyose bigafasha abantu kwegerana, gukundana, kwunga ubumwe. Aho yanamenyeshaje ko akunda cane kandi anashigikiye rwose mwene ayo mahwaniro.

FORUM DIOCESAIN BUBANZA 2022